



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 28 mas 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN MTA POU \$600 MILYON DOLA NAN MANIFAKTI UPSTATE

MTA Chwazi Bombardier pou Kòmman pou \$600 Milyon Dola pou Veyikil Metwo, Plis Pase 500 Djòb nan Manifakti ak nan Chèn Distribisyon ki Konsève oswa Kreye

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Metropolitan Transportation Authority (MTA) pral achte 300 nouvo veyikil chemennfè, epi se Bombardier Transit Corporation ki Plattsburgh ki pral konstwi yo. Kòmman pou \$600 milyon dola a pral pèmèt Bombardier konsève 300 djòb, epitou l ap konsève yon lòt 200 djòb pou founisè zòn nan.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Desizyon MTA pou bay kontra sa a pou Bombardier se yon gwo viktwa pou pèp North Country ak pou ekonomi tout zòn nan. Kòmman sa a pou 300 nouvo veyikil chemennfè vini apre yon akò final sou bidjè k ap asire yon bidjè investisman MTA finanse nèt, pou pèmèt ajans lan egzekite gwo pwojè yo, epitou kontinye ofri bon kalite sèvis pou Nouyòkè yo. Nou se yon eta, epi sa montre kijan plizyè zòn eta nou an kapab bay sipò youn pou lòt. N ap kontinye rebati enfrastrikti enpòtan New York, pou kreye anpil djòb pou Nouyòkè ki travay di yo, epitou pou fè gen kwasans ekonomik toupatou nan eta a.”

Veyikil R-179 yo, ki pare pou yo teste nan fen ane 2014 la, epi pou bay nan fen ane 2016 la, pral ranplase ansyen veyikil chemennfè yo MTA ap itilize kounye a. Y ap finanse acha veyikil yo pou \$306 milyon dola nan lajan federal ki la deja nan plan investisman MTA te fè pa twò lontan, ak nan lòt sibvansyon federal ki annatant epi ki pral genyen pivevan. Konsèy Administrasyon MTA te apwouve kontra a alawonnbadè jodi a.

Pi piti soumisyon an ap pèmèt yo konsève 300 djòb nan faktori Plattsburgh, apeprè 200 djòb pou founisè zòn nan, ak apeprè 110 djòb endirèk—djòb ki sipòte travay founisè yo, dapre Bombardier. Kontra a ap fè li posib pou kreye yon Bombardier Transportation Center of Excellence nan Plattsburgh, epitou pou ankouraje plis travay alontèm, lòt investisman kapital, ak lòt devlopman rezo founisè Bombardier ki baze nan New York.

Prezidan ak Direktè Jeneral MTA, Joseph Lhota, di konsa, “Avèk kòmman sa a, n ap bay avantaj pou kliyan tren New York City Transit avèk ekipman tounèf n ap bay pou pak veyikil la, epi avèk sipò pou kwasans ekonomik nan Eta New York, pou ede konsève djòb ki la kounye a, pou kreye anpil nouvo djòb, epitou pou bay jarèt pou fabrikan pyès yo ak founisè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou sipò li bay pou finansman sèvis transpò komen ak bon kalite sèvis, jan li montre sa nan akò bidjè a yo te jwenn semèn sa a sou yon plan investisman ki finanse nèt pou MTA. Kòmman sa a se yon gayan-gayan: li pral amelyore sèvis pou anpil milyon

pasaje sèvis transpò komen nan Vil New York, pandan l ap konsève anpil djòb pou Nouyòkè nou yo nan North Country.”

Robert E. Furniss, Vis-Prezidan Business Development ak US Sales pou Bombardier Transit Corporation, di konsa “Nou fyè pou kontinye sèvis n ap ofri depi lontan nan MTA New York City Transit, ki te kòmanse depi 30 ane. Nou fyè tou poutèt se Nouyòkè ki pral konstwi nouvo veyikil R179 yo nan New York, pou bay avantaj pou ekonomi eta a ak pou anpil milyon moun ki pran sèvis transpò nan sistèm tren New York la chak jou.”

Bombardier te bay ekipman an premye pou MTA ak pou filyal li yo nan kontra ki te fèt nan ane 1981. Nan ane 1994, Gouvènè M. Cuomo ak Prezidan Bombardier, Laurent Beaudoin, te òganize yon konferans pou laprès nan Lameri Plattsburgh pou anonse yon akò pou kreye yon nouvo izin asanblaj veyikil chemennfè nan Plattsburgh pou Metro-North ak pou pwojè MTA yo pidevan. Depi anonse sa a ki te fèt nan ane 1994, Bombardier te ogmante izin li genyen nan Plattsburgh de fwa, li te mete operasyon li te genyen deyò a eta nan Plattsburgh, epitou li te konstwi 3.000 veyikil chemennfè ak lokomotiv pou sistèm sèvis transpò komen pou Vil New York ak pou lòt sistèm sèvis transpò komen.

Yo deziyen veyikil chemennfè yo pou ranman enèjetik yo, konfò kliyan ak yon nivo avanse nan fyabilite sèvis. Veyikil sa yo pral ranplase veyikil C Line ki t antre nan sèvis la pou premye fwa nan ane 1964. Veyikil R179 yo ap vini avèk andedan yo ki klere, yon dènnye modèl sistèm kontwòl tanperati, anons avèk vwa nimerize ak siyalizasyon wout, sispansyon èbag, ak frenaj avèk rekiperasyon pou ekonomize enèji. Depans antretyen yo ap diminye nèt avèk yon diminisyon 40 pousan yo prevwa nan depans yo sou veyikil R32 yo depi veyikil R179 yo pa nan peryòd garanti dezan yo. Avèk livrezon nouvo veyikil yo nan ane 2016, laj mwayen pak veyikil ap 19.6 ane. San nouvo acha a, laj mwayen pak veyikil la ap prèske 22 ane.

Dirijan Majorite Sena, Dean Skelos, di konsa: “Depi ane 1980 yo, Bombardier te yon gwo motè ekonomik nan Konte Clinton ak nan North Country, pou bay anpil ak yon pakèt djòb pou Nouyòkè yo. Desizyon MTA pou investè anpil santèn milyon dola nan nouvo veyikil chemennfè- yo dwe fè nan faktori Eta New York- se yon viktwa pou pasaje tren yo ak sitwayen North Country. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li konsantre sou kreyasyon djòb, menm jan ak Senatè Little, ak Repibliken yo ki nan Sena te fè, epitou nou pa ka tann pou kontinye travay avèk li pou rebati ekonomi eta a.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Desizyon MTA pou achte 300 nouvo veyikil, yo bati isit la nan Eta New York, se yon gwo viktwa pou vwayajè yo ak pou ekonomi North Country. Gouvènè Cuomo ak Lejislati a mete kreyasyon djòb ak rekonstwiksyon ekonomi eta a nan mitan akò yo jwenn sou bidjè a, epitou anons kontra sa a re-konfime eta nou an retounen nan bon chemen. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak MTA poutèt yo asire gwo investisman sa a fèt isit la nan New York kote li kapab bay avantaj pou sitwayen nou yo ak pou kominote nou yo.”

Senatè Betty Little di konsa, “Pandan anpil ane, Bombardier te yon gwo founisè djòb isit la nan North Country, pandan l ap ofri bon kalite pwodui pou sèvis transpò komen toupatou nan lemond. Nou kontan poutèt MTA chwazi Bombardier yon fwa ankò pou fè veyikil chemennfè yo nan faktori. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pran responsablite nan finans plan

investisman MTA, epi poutèt li louvri pòt New York pou biznis yo yon fwa ankò, yon fason pou ede konpayi ki toupatou nan eta a jwenn zouti yo bezwen pou devlope ak pou kreye anpil djòb. Mwen pa ta ka pi kontan pou anplwaye yo nan Bombardier ak pou fanmi yo. Sa a se yon gwo nouvèl pou yon gwo kantite travayè ak yon kokennchenn sipò ekonomik pou Plattsburgh ak Rejyon North Country.”

Manm Asanble Janet Duprey di konsa, “Anons sa a ap baze sou mezi pou kreye djòb, ak kwasans ekonomik selon akò ant Gouvènè Cuomo ak Lejislati a semèn sa a. Lè MTA investi yon lòt \$600 milyon dola isit la nan Plattsburgh, li kontinye sipòte anpil santèn djòb nan North Country, epitou li asire ekonomi zòn nou an rete anfòm. Mwen di Gouvènè a ak Prezidan Lhota mèsi pou kalite dirijan yo ak pou travay di yo.”

Men kèk nan sèvis Bombardier bay pou MTA depi lontan:

- 1981 – ane 1990 yo: plizyè kontra pou yon total 213 veyikil an liy pou pasaje Metro North Country
- 1982: kontra pou 825 veyikil chemennfè R62A Sèvis Transpò Komen Vil New York
- 1989: kontra pou 9 nouvo otoa pou esè teknoloji nan Sèvis Transpò Komen Vil New York
- 1997: kontra pou 1.030 veyikil chemennfè R142 Sèvis Transpò Komen Vil New York
- 1999: kontra pou 1.172 veyikil elektrik M7 ki gen plizyè inite pou pasaje pou LIRR (836) ak pou Metro North (336)

Kontak:

MTA: Paul J. Fleuranges, 212 878 7037

Bombardier: Mary Anne Roberts, 215 441 1864

Biwo Laprès Gouvènè a: 518 474 8418

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*